# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–05 दिसम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान– इसरो आजु पीएसएलवी–सी–उन्सठ से यूरोपीय अंतरिक्ष एजेंसी के प्रोबा–तीन उपग्रह क सफल प्रक्षेपण कइलस। एहके आंध्र प्रदेस में श्रीहरिकोटा क सतीश धवन अंतरिक्ष केन्द्र क स्पेसपोर्ट सार क पहिला लॉन्च पैड से छोड़ल गइल। ई उपग्रह सटीक सूचना हासिल करी जे विज्ञान अउर अनुप्रयोग आ बड़हन पैमाना पर भविस्य के मिसनों बदे एगो नया जुग क सुरूआति करी। केन्द्रीय विज्ञान अउर प्रौद्योगिकी राज्य मंत्री डॉक्टर जितेन्द्र सिंह एगो स्पेसल मीडिया सनेसा के जरिये येह उपग्रह के सफल प्रक्षेपण क बधाई दिहले हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अजोध्या क रामकथा पार्क में तैंतालीसवां रामायण मेला क उद्घाटन कइलें। चारि दिन ले चले वाला येह मेला में मर्यादा पुरूषोत्तम भगवान श्रीराम के जिनगी पर आधारित कई गो सांस्कृतिक कार्यक्रम मानस–मर्मज्ञन क गोस्ठी अउर प्रवचन होई। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि महर्षि वाल्मीकि अउर गोस्वामी तुलसीदास क जनम स्थली के सथहीं चित्रकूटो क विकास कइल जाई। उहां के रामायण पर अतिरिक्त सोध क जरूरति जतवलीं। समाजवादी विचारक डॉक्टर राम मनोहर लोहिया के यादि करत मुख्यमंत्री कहलें कि डॉक्टर लोहिया कहले रहलें कि जबले भारत क आस्था तीनि आराध्य देवन प्रभु श्रीराम, श्रीकृष्ण अउर भगवान शिव के प्रति बनल रही, तबले भारत क केहू बाल बांका नाहीं कइ पाई।

**********

अजोध्या में बिहने से हॉट एयर बलून सेवा क सुरूआति कइल जाई। येह हॉट एयर बलून के जरिया से पर्यटक करीब अढ़ाई सौ फीट क ऊंचाई से दस मिनट ले अजोध्या क सरजू घाट अउर मठ–मंदिरन क दरसन कइ सकिहें। अजोध्या विकास प्राधिकरण अउर पुस्पक एडवेंचर संयुक्त रूप से येह सेवा क संचालन कइ रहल हवें। येह बलून बदे नौ सौ निन्यानबे रूपिया प्रति व्यक्ति खरच करे के होई। एहमन एक साथ चारि लोगि बइठि सके लें, जवना में पायलटो सामिल हौ।

**********

प्रयागराज में तेरह जनौरी से सुरू हो रहल महाकुंभ के दौरान आवे वाला सरधालुअन के सुरक्षित स्नान करावे बदे राष्ट्रीय आपदा मोचन बल एनडीआरएफ के जवानों मुस्तैद रहिहें। ई बल कउनहूं आपदा के हालति में राहत कार कइले में खास भूमिका निभावे लें। इग्यारहवां राष्ट्रीय आपदा मोचन बल क उप महानिरीक्षक मनोज कुमार आजु बनारस में बतवलें कि महाकुंभ से जुड़ल जवन जरूरी तइयारी करे के हौ, ऊ कइ लिहल गइल हौ। सरधालुअन क सहायता अउर सुरक्षित स्नान पहिला जिम्मेदारी होई। एकरे बदे राष्ट्रीय आपदा मोचन बल तइयार हौ।

**********

कौशाम्बी जिला में ओइजा क जिला प्रसासन महाकुंभ यात्रियन अउर कल्पवासियन क स्वास्थ्य अउर जतरा से जुड़ल एडवाइजरी जारी कइले हौ। एकरे जरिया से महाकुंभ मेला–दुइ हजार पचीस मोबाइल ऐप डाउनलोड कइले क खास तौर से अपीलि कइल गइल हौ। येह एप के जरिये मेला के सम्बन्ध में पुरहर जनकारी मिलि सकी। बुजुरूग अउर बेमार लोगिन के चिकित्सकीय जांचि के बाद डॉक्टरन के सलाहे पर जतरा कइले क सुझाव दीहल गइल हौ।

**********

रेलवे पंडित दीनदयाल उपाध्याय जंक्सन से सूबेदारगंज के बिच्चे चले वाली मेमू एक्सप्रेस क संचालन रोजाना करे क फैसिला लिहले हौ। एहसे पहिले येह ट्रेन क संचालन सनिच्चर अउर अत्तवार के नाही होत रहल। उत्तर–मध्य रेलवे क जन सम्पर्क अधिकारी आजु मिर्जापुर में ई जनकारी दिहलें। उहां के बतवलीं कि येह ट्रेन क संचालन कइल गइले से जिला क लोगिन के अब प्रयागराज क जतरा करे में बहुते सहूलियत होई। एहसे महाकुंभ मेला में आवे वाले सरधालुअन क जतरो असान हो जाई।

**********

अठारहवां अंडर चउदह बालक अउर बालिका राष्ट्रीय विद्यालयी वॉलीबॉल प्रतियोगिता दुइ हजार चउबीस–पचीस क आयोजन बनारस हिन्दू विश्वविद्यालय के एम्फीथिएटर मैदान में दस दिसम्बर से होई। चउदह दिसम्बर ले चले वाला येह प्रतियोगिता में पैंतालीस टीमि क एक हजार अस्सी खेलाड़ी हिस्सा लीहें। येह दौरान इग्यारह दिसम्बर से तेरह दिसम्बर ले संझा क सांस्कृतिक कार्यक्रमों क आयोजन कइल जाई। बनारस क मण्डलायुक्त कौशल राज शर्मा मण्डलायुक्त सभागार में आजु प्रतियोगिता क सुभंकर अउर ट्रॉफी क अनावरण कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि हम सबकर सामूहिक जिम्मेदारी हौ कि हम काशी के आतिथेय भावना के प्रदर्सित करीं अउर आवे वाले खेलाड़ियन अउर टीमि क सदस्यनों के एइजा के संस्कृति से परिचित कराईं।

**********

सरकार की ओरि से किसानन के हित में चलावल जाये वाली योजना आ अउरियो अनुदान क लाभ लेवे बदे फार्मर रजिस्ट्री में पंजीकरण करावल जरूरी होई। ई जनकारी मऊ जिला क अपर जिलाधिकारी सत्यप्रिय सिंह दिहलें। उहां के बतवलीं कि जिला में फार्मर रजिस्ट्री एकतीस दिसम्बर दुइ हजार चउबीस ले कइल जाई।

**********

मौसम विज्ञान विभाग अगिला तीनि दिन के भित्तर न्यूनतम तापमान में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस गिरावट क आगम जतवले हौ। एकरे बाद धीरे–धीरे न्यूनतम तापमान में दुइ डिगिरी सेल्सियस क बढ़ोत्तरी हो सके ले। विभाग की ओरि से उत्तर प्रदेस सम्बन्धी जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन के हिसाबि से अगिला चउबीस घंटा के बार अधिकतम तापमानों में दुइ से चारि डिगिरी सेल्सियस गिरावट क आगम हौ। येहू हप्ता मौसम सुस्क रही अउर प्रदेस में कई जगहिनि पर हल्लुकाहे से मध्यम कुहेसा छवले रही।

**********